GID TEKNIK SOU GREFAJ KAKAWO

USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

AVANSE
APPUI À LA VALORISATION DU POTENTIEL AGRICOLE NORD
POUR LA SÉCURITÉ ECONOMIQUE ET ENVIRONNEMENTALE

DE TI MO POU KÒMANSE

Grefaj se youn nan prensipal teknik ki plis itilize pou fè jaden kakawo bay plis rekòt. Yo sèvi anpil ak teknik sa a pou repwodwi bon jan kalite kakawo pou plante ak pou rejenere pye kakawo ki pap byen donnen.

Ti liv sa a se yon Gid Pratik sou kijan pou grefe ti plantil kakawo nan pepinyè ak grefe gwo pye kakawo nan jaden. Li pote bay plantè ak teknisyen ki angaje nan pwodwi kakawo bon konesans sou 2 tip grèf yo plis itlilze pou grefe ti pye ak gwo pye kakawo.

I. Kisa ki grefaj ?

Se Teknik ki pèmèt mete moso yon plant sou yon lòt plant ki soti nan menm fanmiy (oubyen nan menm plant la) pou yo vin fè yon sèl.

- Moso plant la rele Grefon
- Plant yo mete grefon an sou li a rele Pòt grèf

Nan kakawo, grefon an dwe soti nan manman pye kakawo a.

- Nou rele manman pye kakakwo, pye kakawo ki donnen anpil, ki bay bon kalite kakawo.
- Pye kakawo yo pa bezwen gwo anpil pou yo bay plis pase 100 kabòs nan yon lane.(Foto 1)

Foto 1. Pye kakawo ki byen donnen

II. Rezon ki fè plantè grefe kakawo

Pwodiktè kakawo grefe kakawo pou:

- Yo ka plante kakawo ki pi byen donnen. Pye kakawo grefe yo ap donnen menm jan ak pye yo pran grefon ladan yo;
- Jaden ki fèk tabli yo donnen pi bonè oubyen pi vit pase plant ki pa grefe; (Foto 2)
- Rekòt kakawo yo fèt pi fasil;
- Ranplase kakawo ki manke donnen pa lòt kap byen donnen ;
- Ranplase pye kakawo ki fin granmoun yo;
- Plantè ka fè plis kòb nan jaden kakawo yo.

Foto 2.kakawo grefe kap donnen a laj 3 zan nan Komin Oboy

III. Pye kakawo ki ka grefe

Kakawo ka kòmanse grefe depi nan pepinyè jis lè yo vin granmoun. Kidonk nou ka grefe:

- Plantil nan pepinyè;
- Jèn plantil nan jaden;
- Gouman;
- Pye kakawo ki deja donnen.

IV. Kalite grèf yo fè nan kakawo

Yo fè plizyè kalite grèf nan kakawo. Men, ti liv sa a ap montre fason pou nou fè grèf sou kote ak grèf an plakaj nan kakawo.

V. Seleksyon bon grefon

a. Kalite pye kakawo pou nou pran grefon dwe genyen

Pye kakawo ki pou bay grefon dwe:

- Deja donnen pou nou byen konnen kalite kakawo li bay ;
- Se manman pye kakawo. Sa vle di pye kakawo ki donnen anpil, ki bay kabòs ki gen anpil bèl grenn. (Foto 3) Grenn yo dwe bay chokola ki gen bon gou lè yo byen trete yo apre yo fin rekòlte ;
- Pa malad. Pa gen anpil tras ensèk sou yo.Kabòs yo pa dwe malad.

Foto 3. Pye kakawo byen donnen ki chwazi pou repwodwi

b. Kalite branch kakawo ki pou fè grefon

Men kalite branch kakawo ki dwe bay grefon:(Foto 4)

- Yo pa dwe twò jenn, ni gentan fleri oswa twò granmoun. Yo dwe genyen ant 3 a 5 mwa;
- Fèy yo dwe byen devlope, yo byen laj e gen koulè byen vèt;
- Fèy yo pa gen tras maladi;
- Jèm (oubyen je) yo pa nan dòmi. Yo kòmanse gonfle;(Foto 5)
- Kòs branch la pa dwe gen tras maladi oswa tras ensèk. Li pa dwe genyen egratiyi.

Foto 4. Branch kakawo pou fè grefon

c. Preparasyon ak konsèvasyon grefon

- Pou pye kakawo yo bay plis grefon, nou ka fè yon tay 4-6 mwa avan dat pou pran grefon yo. Sa ap pèmèt branch yo gentan pouse.,
- Pou reveye jèm ki nan dòmi yo oubyen ki poko gonfle yo, taye pwent branch yo 8 jou avan yo koupe.

Foto 5. Grefon kakawo ki gen jèm ki pa nan dòmi

d. Rekòt, transpò ak konsèvasyon grefon yo

- Rekòlte bouti grefon yo nan maten ;
- Bouti grefon ka koupe longè 40 – 50 santimèt pou fasilite transpò yo ;
- Koupe tout fèy yo nan twa ka (¾) pou pi plis. Kite Ti moso fèy yo pou pwoteje jèm yo;(Foto 6)
- Kouvri bouti grefon yo ak papye jounal oswa sak pit ki pwòp oubyen fèy bannann vèt;
- Wouze yo pou bouti yo rete fre ;
- Bouti yo pa dwe rete plis pase 2 jou san nou pa grefe yo.

Foto 6. Fèy grefon yo koupe avan yo transpòte yo

VI. Kondisyon nesesè pou grèf kakawo reyisi

Men kondisyon ki nesesè pou grèf yo reyisi :

- Kontak grefon ak pòt gèf la byen fèt. (Foto 7) Kote sèv (dlo ak manje) ap sikile nan pòt grèf dwe byen an kontak ak kote sa fèt nan grefon an. Kote sa yo rele kanbyòm. Pa dwe gen espas ki rete pou lè ak dlo sikile ;
- Tay nap fè nan pòt grèf la dwe jis gwosè pou grefon an rantre e byen chita ;
- Tay yo pa dwe fèt ak zouti ki wouye, ki sal oubyen ki gen jèm maladi;
- Zouti nap fè tay dwe byen file pou nou pa fè plizyè koup.

Foto 7. Grefon ak pòt grèf rete byen an kontak

VII. Zouti pou fè Grèf la

Prensipal zouti ak materyèl nou bezwen pou fè gref nan kakawo :(Foto 8)

- Sekatè (Gwo ak piti) ;
- Riban plastik oswa tep ;
- Grefwa ;
- Alkòl ;
- Sachè plastik ;
- Fisèl oswa tikòd.

Foto 8. Zouti ki itilize nan grefaj kakawo

VIII. Grèf Plakaj

Grèf sa a itilize yon sèl jèm (oubyen je yon sèl ne). Metòd fè grèf sa a gen 2 gwo avantaj:

- Plis grèf ka fèt avèk yon branch pòt grefon;
- Grèf la fèt fasil.

a. Kondisyon pou grèf la reyisi

Men kèk kondisyon pou grèf la reyisi :

1. Gwosè ak koulè branch pòt grefon an dwe sanble ak gwosè e ak koulè plantil pòt grèf la ;
2. Branch pòt grefon an dwe gen prèske menm laj ak plantil pòt grèf la;
3. Jèm grefon an pa dwe ap dòmi. Li dwe kòmanse gonfle, men li pa dwe kòmanse fè fèy;
4. Pa pran grefon yo nan branch kite toujou nan solèy (branch solèy bat anpil).

b. Prekosyon pou grèf la ka reyisi

Grèf la fèt fasil. Men, gen kèk prekosyon ki dwe pran pou'l ka reyisi:

1. Grefon an ak pòt grèf la dwe koupe ak presizyon. Grefon an ak pòt grèf la dwe koupe nan menm gwosè pou kanbyòm youn ka byen an kontak ak kanbyòm lòt;
2. Grèf la dwe fèt vit. Apre grefon an ak pòt grèf la fin koupe, grèf la dwe fèt vit pou kote ki blese yo pa okside ;
3. Pa dwe touche kote ki koupe yo pou pa kontamine

c. Fason grèf la fèt

1. Preparasyon pòt grèf

- Taye pòt grèf la tankou yon U tèt anba. Fè yon tay kouche anwo (Foto 9) avèk 2 tay sou kote pou detache ekòs pòt grèf. (Foto 10)

Foto 9. Premye koup kouche pou detache ekòs pòt grèf

Foto 10. Koup sou kote pou detache ekòs pòt grèf

2. Preparasyon grefon.

- Chwazi nan bouti grefon an ne ki gen je (oubyen jèm) ki pra'l itiliza a
- Fè 4 koup pou pran grefon an : Youn an wo ne ki gen jèm nan, youn anba li ak youn chak bò (Foto 11)
- Leve grefon an (Foto 12)



Foto 11. Koup pou retire grefon nan bouti grèf

Foto 12. Grefon ki prepare pour grèf la

3. Fason grèf la fèt

a. Mete grefon an nan ouvèti pòt grèf la.(Foto 12) Grefon an dwe chita nan pòt grèf la pou kanbyòm tou 2 byen kole youn ak lòt (Foto 10)

Foto 13. Grefon kap mete na pòt grèf

Foto 14. Grefon byen chita nan pòt grèf la. Yo te byen fè tay yo

b.Kouvri ak mare grèf la ak riban plastik.Kòmanse kouvri ak plastik la anba pou monte (Foto 15,16)

Foto 15. Yap kouvri grèf ak riban pastik

Foto 16. Grèf kap fin kouvri ak riban plastik

IX. Swen pou grèf

Lè grèf la fin fèt, nou dwe ba li bon swen. Nou dwe fè bagay sa yo :

-Mete li kote li pap bat solèy;

-Wouze li;

- Anviwon 15 jou apre grèf la fin fèt, retire riban plastik ki te mare li a (Foto 17, 18)
- Yon fason pou wè si grèf la pran se fè yon ti grate'l pou wè si li toujou rete vèt.
- Anviwon 2-3 semèn apre nou fin retire plastik la, koupe tèt pòt grèf la nan wotè 30 santimèt konsa sou tèt grèf la.
- Si grèf la ap grandi nan move direksyon, mare li sou pòt grèf la pou li pran direksyon kanpe; (Foto 19)
- Lè grèf la byen grandi (llè li gen ant 2 e 4 pè fèy) e li fin pran bon direksyon, koupe rès pòt grèf la pi wo kote grèf la ye a; (Foto 20)
- Pou anpeche maladi atake grèf la, nou ka mete sou blese a yon pwodwi ki fèt pou sa ;
- Toujou retire boujon kap parèt pi ba kote grèf la fèt la, sa vle di nan pati pòt grèf la;
- Wouze yo regilyèman.

Foto 17. Riban plastik kap detache nan grèf

Foto 18. Grèf reyisi kap pouse boujon

Foto 19. Grèf kap mare pou grandi nan direksyon anlè

Foto 20. Pòt grèf ki fin taye e ki trete pou evite maladi

X. Grèf sou kote nan pepinyè

Lè se grèf sou kote kap fèt ti plantil ki pra'l grefe yo dwe:

- Plantil kap grefe yo dwe gen gwosè yon kreyon;Se plant ki deja gen 4 mwa ou plis; (Foto 21)
- Plantil yo pa dwe malad ;
- Plantil yo dwe byen fèm ak rasin byen devlope;
- Plantil yo dwe byen wouze anvan grèf la pou gen bon sèv kap sikile .

Foto 21. Ti pye Kakawo ki bon pou grefe

Fason grèf la fèt nan pepinyè

1. Koupe bouti grèf la nan longè 4-5 ne pou vin bay 3-4 ne apre li fin prepare ;(Foto 23)
2. Fè yon tay an bizo bò kote ti plant la avèk yon grefwa pou mete grefon an;(Foto 22)

Foto 22. Ti pye kakawo kap taye pou fè grèf sou kote

3. Fè yon tay an bizo tou anba grefon an; (Foto 23)
   Lajè tay la dwe sanble ak sa ki nan plantil la ; (Foto 24)

Foto 23. Grefon kap taye pou fè grèf

Foto 24. Grefon ki prè pou grefe

4. Kole grefon an pi vit posib nan pòt grèf la.
   2 antay yo dwe kole ansanm; (Foto 25, 26)

Foto 25. Grefon kap mete nan pòt grèf

Foto 26. Grefon byen chita nan pòt grèf

5. Mare ak Kouvri grèf la ak tep plastik oswa plastik. Kòmanse ak tep la anba pou monte. (Foto 27,28,29)

Foto 27. Grèf kap mare ak kouvri ak tep plastk

Foto 28. Grèf ki fin kouvri ak tep plastik

6. Apre 2-3 semèn ouvè tep plastik la pou boujon grefon yo devlope. Retire plastik la apre grefon an kòmanse pouse premye fèy li ;
7. Kontinye fè menm sa ki fèt lè plastik la te fin retire nan grèf an plakaj la (Foto 30,31)

Foto 29. Kakawo grefe nan pepinyè

Foto 30. Grèf kakawo kap pouse avan pòt grèf yo koupe

Foto 31. Grèf kakawo kap grandi apre pòt grèf yo fin koupe

XI. Grefaj sou kote nan gwo pye kakawo

Men jan grèf la fèt nan gwo pye kakawo:

1. Fè yon tay orizontal(kouche) pou koupe ekòs pye pòt grèf la rive jis nan bwa;
2. Fè yon tay sou tèt tay orizontal la pou retire moso nan ekòs pye kakawo yo; (Foto 32)

Foto 32.Foto . Premye tay nan gwo pye kakawo yo

3. Fè 2 tay vètikal (kanpe) ki soti nan tay orizontal la ki desann. Distans ki separe 2 tay vètikal yo dwe gwosè grefon an ;(Foto 33)
4. Fè yon ti leve ekòs la ak pwent grefwa a pou wè si tay la byen fèt;
5. Prepare grefon an menm jan sa te fèt nan grèf sou kote nan ti pye;

Foto 33. Tay vètikal kap fèt pou leve ekòs

6. Mete grefon ki prepare a nan ouvèti ki fèt nan pòt grèf la pi vit posib ;(Foto 34)
7. Mare grefon an ;(Foto 35, 36)
8. Byen kouvri grefon an ak plastik pou dlo pa jwenn ak li ; (Foto 37)

Foto 34. Grefon ak pòt grèf ansanm

Foto 35.Grèf kap mare

Foto 36. 2 grèf nan yon pye kakawo

Foto 37. Grèf ki fin fèt kouvri ak plastik

9. Verifye 2 a 3 semèn aprè pou wè si grèf la pran. Si li pran ouvri sachè a pou ti boujon grèf la ka devlope; Kite grefon an toujou mare;
10. Retire plastik la nèt apre yon mwa konsa ;
11. Retire kòd ki te mare grèf la. Si kòd ki te mare grèf la se kòd pit li ka pouri e li tonbe pou kont li ;
12. Koupe tèt pot grèf la apre grefon an fin pran e li gen pou pi piti 10 fèy.

USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

AVANSE
APPUI À LA VALORISATION DU POTENTIEL AGRICOLE NORD
POUR LA SÉCURITÉ ECONOMIQUE ET ENVIRONNEMENTALE

AVANSE se yon pwojè ke USAID finanse.
Opinyon otè yo eksprime nan piblikasyon sa a pa nesesèman reflete opinyon
Ajans Etazini pou Devlopman Entènasyonal (USAID) oswa Gounènman Etazini an.